



*Inisyativ “Verizon Innovative Learning Schools (VILS)”*  
*(Lekòl Aprantisaj Inovatif Verizon)*  
**FÒM KONSANTMAN POU PARAN KI AKTIF**

Septanm 2019

**Chè Paran/Gadyen,**

Lekòl ou a ap patisipe nan inisyativ “*Verizon Innovative Learning Schools (VILS)*” (*Lekòl Aprantisaj Inovatif Verizon*). Kòm yon pati nan inisyativ sa a, Fondasyon Verizon fè yon kontra avèk Westat pou kondui plizyè etid pandan ane a sou enpak pwogram nan fè sou pwofesè ak elèv yo. Yon objektif prensipal etid sa a se pou mezire efè sa pwodui nan bay elèv lekòl mwayen teknoloji mobil ak aksè Entènèt 24/7.

Kòm yon pati nan pwogram nan pitit ou a ap patisipe nan kèk aktivite koleksyon done enpòtan. Espesyalman, pitit ou a ap ranpli yon ti sondaj tou kout sou itilizasyon aprantisaj teknoloji ak enterè li genyen nan sijè akademik yo. Sondaj sa a pral fèt pandan jounen lekòl la nan kat pwen nan diferan sezon: otòn 2019, prentan 2020, prentan 2021, ak prentan 2022. Yo ka mande pitit ou a tou pou li patisipe nan yon gwoup konsantrasyon, kote nou pral diskite itilizasyon tablèt yo. Epitou, kòm yon pati nan etid la, yo pral bay Westat aksè sou enfòmasyon konsènan prezans pitit ou a, aksyon disiplinè, nòt fen ane lekòl, ak nòt nan egzamen estandadize yo pou ane lekòl 2019-20, 2020-21, 2021-22 ansanm ak de (2) premye ane anvan yo.

Pitit ou a pa oblije patisipe nan etid sa a. Aktivite sa yo konplètman volontè e li ka kanpe nenpòt ki lè. Yo pap rapòte oubyen pataje okenn enfòmasyon endividyèl oubyen enfòmasyon nan salklas sou pitit ou a. Tout enfòmasyon yo ap rete konfidansyèl e patisipasyon pitit ou a pap afekte nòt li.

Paran, silvouplè nou vle ou konnen anba lwa “Protection of Pupil Rights Act. 20 U.S.C. Section 1232(c)(1)(A),” ou gen dwa pou revize yon kopi kesyon yo mande yo oubyen materyèl yo pral itilize avèk elèv ou a. Si w vle fè sa, ou dwe kontakte Joy Frechtling nan 301-517-4006 oubyen JoyFrechtling@Westat.com pou w jwenn yon kopi kesyon oubyen materyèl yo.

---

**Non Elèv la**

Prenon \_\_\_\_\_

Non \_\_\_\_\_

**ID Elèv la** \_\_\_\_\_

**No. Lekòl la** \_\_\_\_\_



Lekòl Leta Miami-Dade County

*Inisyativ “Verizon Innovative Learning Schools (VILS)”  
(Lekòl Aprantisaj Inovatif Verizon)*

verizon  
innovative  
learning

Digital Promise

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

*Silvouplè tcheke youn anba a*

\_\_\_\_\_ **WI**, mwen dakò pou pèmèt pitit mwen patisipe nan etid rechèch sa a.

\_\_\_\_\_ **NON**, mwen pa dakò pou pèmèt pitit mwen patisipe etid rechèch sa a.

\_\_\_\_\_  
*Siyati*

\_\_\_\_\_  
*Dat (MM/JJ/AA)*

\_\_\_\_\_  
*Non (Silvouplè enprime)*

\_\_\_\_\_  
*Relasyon ak timoun nan*